В. 63.
А-89

Ж. АТАМУРАТОВ

# Жаўынгер жолы

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
НӨКИС — 2000

Книга должна быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдач

Узб. отд. РППО «Союз» б/ф. 99-1-9
тир. 4.700.00, Г. П. Зак. Б-22

В 63
А 89

К-08

ЖУМАМУРАТ АТАМУРАТОВ

# ЖАЎЫНГЕР ЖОЛЫ

236668

RESPUBLİKALIQ
BALALAR
KİTAPXANASI

MA'LİMLEME
RESURS
ORAYI

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
НӨКИС — 2000

## ҚИРИС СӨЗ

Урыс ҳәм мийнет ветераны, ҳәзирги Мустақыллық дәўириниң еркинлик нәпесин ҳәм бахытлы мәўритлерин бастан кеширип атырған елимиздиң иззет-ҳүрметине миясар болған ақсақалларымыздың бири Жумамурат аға Атамуратов ҳәзир 83 жаста.

Қарақалпақстан Республикасының келешеги жарқын Қараөзек районында бүгинги күни Жумамурат аға үлкен шаңарақ ийеси, қуда көп көрмесин бир неше ақлық, шаўлықтың сүйикли атасы.

Тәғдир тақазасы усы қатарлардың авторын Жумамурат аға менен 1952-жылы турмыс соқпағын бирге түйистирип, соннан тап пенсияға шыққанша екеўимиз халық хожалығының белгили (бирақ, елеўсизирек) өзине тән қыйыншылығы мол, республикамыздың халық хожалығы тараўларының бәриниң де раўажланыўына мәлим дәрежеде қатнасы бар финанс системасында бирге ислестик.

Жумамурат аға Атамуратов 1938-жылдан баслап (тек урыс дәўириндеги үзилистен басқа өзиниң барлық саналы өмиринде) республикамыздың районлық финанс системасын беккемлеўде тап 1991-жылы өзи пенсияға шыққанша ҳадал хызмет ислеп, республикамыз финанс системасы хызметкерлери арасында пидайы инсан сыпатында ўақтында ҳүкиметимиздиң орден-медаллары ҳәм «Ҳүрмет жарлық»лары менен сыйлықланды.

Жумамурат аға Атамуратов өзиниң мийнет жолын 1938-жылы Төрткүл финанс техникумын питкергеннен баслап, республикамыздың Хожели, Кегейли, Шымбай, Қараөзек ҳәм Тахтакөпир районларында финанс бөлиминде басшы лаўазымларда ислеп, өзиниң кишипейил ҳәм искерлиги менен көзге түсип, соңғы 24-жыл даўамында Қараөзек ҳәм Тахтакөпир районлық финанс бөлимлерине басшылық етти.

Ол инсан өзиниң искерлиги, өз кәсибиниң тәжирийбеси мол, маманы сыпатында сол дәўирдеги финанс системасында ислеўши жасларға үлги болды.

Урыстан кейинги жыллары XX-әсирдиң 50-70-жыллары аўыллық жерлерде салық сиясатын әмелге асырыў бираз мүшкил еди. Себеби сол дәўирдеги салық дүзимлериниң тәртиплери, салыққа тартылатуғын хожалықлардың руўзыгершилигине өзинин тиккелей кери тәсийрин тийгизетуғын еди. Ҳәттеки хожалықтағы 0,08-0,15 сотых жерлерине егилген егинниң түрине қарап салық есаплаў, ири қара ҳәм майда маллардың шекленген бас санынан артығына жеке хожалық сыпатында арттырылған са-

лық салынатуғын еди.

Мине, усындай салық салыў ҳәм оны өндириў ҳаққындағы «темир тәртип» орнап турған дәўирде Жумамурат аға өзиниң сүйген кәсиби болған финанс системасының талапларына қылап етпестен, сондай-ақ, халқымыздың, яғный ҳәр бир салық төлеўши хожалықлардың мәпине, яғный руўзыгершилигине айтарлықтай зыян тийгизбей, усы еки жағдайдың ортасынан ең биймәлел жол таба билген, узақты гөзлеўши өз кәсибиниң маманы болды.

Быйыл, яғный 2000-жылы екинши дүнья жүзилик урыста фашизм үстинен ерисилген жеңиске 55-жыл толды.

Ҳүрметли Президентимиз Ислам Каримовтың Мустақыл диярымыз Өзбекстан Республикасынан, сондай-ақ, Қарақалпақстаннан урысқа қатнасып, елимиздиң ғәрезсизлиги, еркин келешеги ушын саўаш майданында шейит кеткен жаўынгерлерди еске алыў ҳәм урыстан елимизге, туўған жерине қайтып келип, бүгин бизлердиң арамызда жасап атырған урыс қатнасыўшыларына иззет-ҳүрмет көрсетиў ҳаққындағы 2-март 1999-жылғы Пәрманына муўапық 2000-жыл 9-май «Еслеў ҳәм ҳүрметлеў» күнин улыўма халықлық байрам сыпатында өткериў ушын республикамызда бир қанша шөлкемлестириў жумыслары алып барылмақта.

Ҳақыйқатында Қарақалпақстан Республикасынан урысқа қатнасқан 68,0 мың жаўынгерден 33,8 мыңнан асламы урыс майданында елимиздиң ғәрезсизлиги ҳәм жас әўладларымыздың келешек бахты ҳәм азатлығы ушын мәртликтиң тәкирарланбас үлгилерин көрсетип, өзлерин қурбан етти. Ҳәзир бизлердиң арамызда урысқа қатнасқан ҳүрметли ағаларымыздан 2800 ден асламы бахытлы ғаррылық дәўирин бастан кеширмекте.

Мине, усы китапшада солардың бири, саўаш майданында қаҳарманларша мәртлик көрсетип, төрт мәртебе жарадар болып елимизге аман-есен қайтып келген Жумамурат аға Атамурат улының көрсеткен ерликлери ҳаққында сөз етиледи.

Бул китапша оқыўшыларға, әсиресе Мустақыллық дәўиринде, сондай-ақ, миллий мафкурамыз тәрбияланып атырған, Президентимиз айтқанындай «Елим деп, журтым деп күйип-жанып жасайтуғын» жасларды тәрбиялаўда аз да болса өз үлесин қосады деген үмиттемиз.

**Қарақалпақстан Республикасы «Нуроний» жамғармасының баслығы, мийнет ветераны** **Ж. МУЯТДИНОВ**



## ӘСКЕРИЙ ХЫЗМЕТКЕ ЖОЛ АЛЫЎ

**(Урыс ҳәм мийнет ветераны Жумамурат Атамуратовтың еске түсириўлеринен)**

1938-жыл. Енди ғана есейип жигит болған ўақтымыз. Усы жылы Төрткүлдеги финанс-экономикалық техникумын топардағы 15 бала питкерип шығып, аўылымызға қайтыўға таярлана басладық. Қарақалпақстан финанс комиссары өзиниң буйрығы менен ҳәркимниң жағдайына ҳәм районлық жердиң тилегине қарап, оқыўды тамамлаған барлық жасларға жоллама берди. Мен Нөкис қалалық ақша бөлимине салық инспекторы болып жумысқа орналастым. Жумысқа деген ықласым ба, оғада илгир зейин менен киристим ҳәм салық сиясатын дурыс жүргизиўге барынша ат салыстым. Себеби, ол жыллары ақша бөлиминен патент (тийисли ҳүжжетлер) алып, ҳәр түрли өнерментшилик пенен шуғылланыўшылар, түйекешлер, арбакешлер, кемешилер, ҳәм басқа да майда талап ислеўшилер көп еди. Оқыўды питкерип бир жыл ислегеннен кейин, яғный 1939-жылдың август айында дем алыс алып, өз аўылым Қараөзекке қыдырып келдим. Аўылға келгеннен соң, семья қурмастан бурын миннетли ўазыйпамды өтеп қайтқаным абзал шығар деп, армияға барып қайтыўды ата-анам менен келистим. Өйткени, аўылдағы жоралармның бир қатары армияға шақырылып атыр екен. Ата-анамның келисимин алғаннан соң мен де Қараөзек районлық әскерий комиссариатына барып, мени армия қатарына алыўға арза жаздым. Өтинишим есапқа алынып, сентябрь айында армия қатарына жибериўге дизимге алындым. «ЖАРАМЛЫ» деп табылып армия қатарына алынатуғын болғаныма қуўанып, ислеп атырған жумыс орнымнан биротала шықтым. Бирақ, келгеннен кейин республикалық әскерий комиссардан айрықша буйрық болғанша белгиленген ўақытқа дейин күтесизлер деген тәртип болды. Қуры қарап жатыўдың есабын таппай, Шымбай қалалық ақша бөлиминде салық инспекциясының баслығы болып исле-

дим. Сол жылдың 5-февралында Қараөзек районлық әскерий комиссарынан «Тоқтаўсыз келесиз» деген қыстаўлы хабар болды. Ислеп атырған жумыс орнымнан есапласыўға да мүмкиншилик болмай, әскерий тәртипте түни менен Қараөзекке келип, азанда ерте есаптан өттик. Армияға алынған балалар көп еди. Мениң менен бир команда да Оспан Әбиев, Шаму Суюров, Сапарнияз Ембергенов («ЕСТЕЛИК» китабы 1-том, 533-бет), Хожаназар Уфетов, Нуратдийин Қалмуратов ҳәм басқа да балалар болды. Районлық әскерий комиссариатта бир күн болып, ертеңине 1940-жылдың 10-февраль күни еки машина менен Шымбай қаласына қарай жол тарттық. Шымбай әскерий комиссариаты кеңесиниң қасындағы майданшаға Қараөзек, Тахтакөпир, Шымбай районларынан армияға алынған балалардың барлығын рота ҳәм взводларға бөлди ҳәм сол жерде бизлерди армияға алып кететуғын командирге тапсырды. Ата-аналарымыз ҳәм туўысқанларымыздың басым көпшилиги жәм болып шығарып салды. Бизлерди бир неше машина менен Нөкистиң тусынан Хожелиге қарай дәрьядан өткерип, Гөне Үргеништиң үсти менен Чаржаўға алып барды. Усы жерде бизлерди поездға отырғызып, Ташкенттиң үсти менен бағдары Россияға қарай жол тартты. Поездың ишинде өз-ара гүрриңлесип, ўақыттың өткенин сезбей баратырмыз. Поезд ҳәр жерде тоқтап, жүрисин даўам етпекте, биреўлер бизлерди Москва дөгирегине апарады десе, тағы биреўлер Украинаға, ямаса Белоруссияға апарады дейди. Бирақ, ҳеш кимниң де болжағаны болмады. Ленинградқа апарады деўге Финляндия менен урыс болып атыр. Армия тактикасын үйренбеген, жаңадан келген әскерлерди бирден урысқа апармайды деген де гәп бар. Қулласы, усындай өз-ара гәп. . .

Поезд усы жүристен Қуйбышев қаласына жетти, 5-6 саат тоқтап турғаннан кейин нәзери батысқа қарай Украинаға бағдар алды. Қулласы аўылдан шыққанымызды есапқа алғанда 14 күнде Украинаның КИРОВОГРАД қаласында бизлерди поездан түсирди. Қаланың жақын жериндеги бир әскерий бөлимге апарып, ҳәр кимниң қәнийгелигине қарай есапқа алып, рота, взводқа бөлистирип армия формасында тазадан кийим береннен соң сапқа турғызды.

Сөйтип, нағыз әскер болып алдық. Қарақалпақстанлы балалардың ҳәр қайсысын ҳәр жерге бөлгеннен кейин көпшилик балалардың қайда кеткенин де билмей қалдық. Мениң менен бирге барған жорам ҳәм жийеним Шымбайлы Мәмбетнияз Алимановтың аўылдан келген хаттан Молдавия республикасының Кишинев қаласына барғанын билдим.



Мен 51-Перекоп дивизиясы 287-атқышлар полкиниң биринши батальонының үшинши рота, үшинши взводына түстим. Станковой пулеметтиң 1-атқышы болдым. Екинши номери В. Бегунов, үшинши патрон дискасын тасыйтуғын Хожаназар Уфетов еди. Аўылдан бирге келген жигитлерден полкта әдеўир бөлеги бар еди. Олар менен көпке шекем бирге болдық.

## ДНЕСТР — ДУНАЙ БОЙЛАРЫНДА

БИРАҚ, әскерий тәртип күннен-күнге күшейип баратыр. Полк командири Султанганиев деген татар жигити еди. Өзи полковник, Финляндия урысына қатнасып, жеңил жарадар болған. Взводымыздың жәрдемши командири Самсашвили грузин жигити, ол да Финляндия урысына қатнасқан, ол әскерий тәртипти қатаң услайтуғын еди, гейде күнниң салқын екенине қарамай майкишең сапқа турғызып азанғы дене шынықтырыў ислетеди, қосық та айттырады, қосық айтпаған әскерлерди алып қалып, өз алдына ойнататуғын еди. Бизлерди урысқа қатнасқан командирлеримиздиң қатты тәртип пенен үйретип атырғанының себеби, Финляндия урысына жибериў ушын таярлап атырған екен, анығын айтыў ушын бир күни политрук, лейтенант А. Забелин ротаны жыйнап, мәжилис өткерди. Ол бизлердиң әскерий ўазыйпамызды айтты.

Көп кешикпей бизлер жаңадан кийим-кеншек, оқ-жарақ, керекли затлар менен толық тәмийинлендик, қәлеген ўақытта жибериўге буйрық күтип отырдық. Бизлер армия қатарына алынған күнлери бир тамшы қанымыз қалғанша душпанға қарсы гүресемиз деп ант бергенбиз. Бүгин ертең жибереди деп таярланып отырғанымызда «Фин урысы тоқтапты, бизиң армия жеңипти» — деген хабар тарады. Бул хабарды еситип қалған бизлер, соң ўазыйпалы миннетимизди атқара бердик. Бурынғы ғалаўыт басылғаннан кейин бизиң атқышлар полкин турған жеринен көширип, Украинаның Тирасполь деген қаласына апарды. Бул жерге кеткеннен соң тәртип бурынғыдан да күшейди. Деген менен қатаң тәртип тревога болып турады. Тәртиптиң күше-

йиуйне қарағанда бир гэп бар ғой деп ойлаймыз. Шынында да мыш-мыш әңгиме ҳақыйқатлыққа айланды.

Румынияға қараслы Бессарабия деген жерди бурынғы Сыртқы ислер комиссары Молотов «Бизиң жеримизди ҳүкиметимиздиң талап етиўи бойынша қайтып бересиз» деп Румыния ҳүкиметиниң алдына мәселе қойып атыр екен — деген ғалаўыт тарады. Көп кешикпей бизиң полкти Бессарабияның шегарасы Днестр дәрьясының бойына апарып орналастырды. Күнделикли сиясий оқыўда қырағылықты күшейтиў ҳаққында көбирек еситетуғын болдық. Бизлер қурал-жарақ пенен толық тәмийинлендик. Ҳәр бир взводқа иркинишсиз дәрьядан өтетуғын резинка камер берди. Дәрьядан өтерде биринши рет сары ракета атылды, сол ўақытта дәрьядан өтип, алға қарай жүриўге ҳәрекет етесизлер — деп рота командири түсиник берди. Усы тапсырма бойынша дәрьяның ғырра жағасында буйрықты күтип жатырмыз. Ай қаранғы. Бессарабияның жери таслақлы болса керек, дәрьяның арғы жағындағы арбаның ҳәм машиналардың сести анық еситиледи. Таңның алдында күтпеген жерден жақсы хабар тарады, «Румыния ҳүкимети келисим менен Бессарабияны берипти, 24-саат ишинде армиясын алып шығыў жөнинде еки мәмлекеттиң сыртқы ислер комиссары қол қойысыпты» деген хабарды командиримиз келип, ҳәммеге хабарлады. Бул хабар бизлер ушын оғада қуўанышлы болды.

Таң да атып, жақты түсти. Барлық батальон, полклар сапқа турып, Бессарабияның «Виндери» қаласының тусынан дәрьяның көпиринен өттик, Дәрьяның арғы жүзинде көпирден өткен соң бизиң Румынияның еки генералы қарсы алды. Ары өткеннен кейин солдатлардың жүрис-турысы әскерий тәртипте болды. Қаланы айлана қоршаў жасадық. Бизлер Румынияның армиясы болған казармада тексериў жүргизгенимизде, писирилген аўқатты қазаны менен сол турысында қалып қойғанын анықладық. Бирақ, ҳеш нәрсени қолға услаўға рухсат етилмеди. Әскерий тәртип пенен бир ҳәпте аралығы усы қалада болдық. Буннан соң Бессарабияны бойлап қублаға қарай походқа жүриўге буйрық болды. Узыннан узақ дизбеклесип жолға түстик. Бир саат жүремиз, 10-15 минут дем береди. Кешқурын жеткен жеримизде шатыр қурып жатамыз. Керек жарақларымызды өзлеримиз бенен бирге тележкада алып жүремиз. Жүрис көп болғанлықтан әбден шаршадық. Аяғымыздың табаны да тилинейин деди. Шаршағанымызды командирге айтсақ, әскер барлығына көниўи керек дейди.



Жети күн жол жүргенимизден соң Румынияның шегарасындағы Дунай дәрьясының бойында жайласқан Измаил қаласына алып барып, әскерий казармаға орналастық. Бул жерде бир күн дем алғанымыздан кейин қаланың сыртындағы дәрья бойынан рота окоп қаздық, қорғаныс жасап бекинистирдик. Бул 1941-жылдың март айының иши еди.

Измаил қаласына келгенимизден соң тәртип тағы да күшейди. Командирлер не бир қыйын жерлерге алып барып, тактиканың бир қанша түрлерин көрсетти.

## УРЫСТА ТУРЫС ЖОҚ

1941-жылдың май айларында ҳәр түрли ғалаўыт гәплер көбейе баслады. Армияның жоқарғы штабында сиясий басшылар, майор, полковниклер дүньялық жағдайлар ҳаққында мәжилислер өткерип, лекциялар оқып турды.

Измаил қаласы нағыз, бәлент жерге орналасқан. Бурынлары Румынияның шегара әскерлери гейде көринип те туратуғын еди. Бир қорқынышлы хабар: күнделикли сиясий оқыўларда командирлердиң айтыўына қарағанда, шегараға Германия әскерлерин әкелип төгип атыр, халық аралық жағдай жақсы емес. Сонлықтан қырағылықты күшейтип, урыс тактикасын жақсы үйрениўимиз кереклиги ҳаққында қайта-қайта түсиндирип атыр. Әскерий тәртип болғаннан соң, барлығына да көндик.

1941-жылдың июнь айының 21-сәнеси еди. Оннан бир күн бурын тревога болып, бираз аралықты айланып келип түн жарпында жатып едик. Ал, 22-июнь азанғы саат 2-3 лердиң шамасында «тревога, тревога» деген қайта-қайта қышқырып айтылған қолайсыз даўыстан уйықлап атырған әскерлердиң бәри оянып кетти. Оғада шапшаң асығыслық пенен кийинип далаға шықтық. Сыртта командир қурамының барлығы күтип тур екен. Барлық командирлердиң келгенин көргеннен-ақ жүреклеримиз «суў» ете қалды. Бурынлары тревога болса тек ғана бир командир келип, өткеретуғын еди.

Бир ўақытлары рота командири: «Германия шәртнаманы бузып, урыс баслады» деп хабарлады.

Тез-арада сапқа турып, рота командири бизлерди изине ертиўи менен алдымызға түсти. Жатқан казармамыздан қолға илингенин алдық, қалғаны қалды, Сол жүристен қаланың иши менен туўра әскерий қурал-жарақ туратуғын складқа келдик, склад ның қапысын лом менен бузып, ҳәр ким көтергенинше қурал-жарақ алдық. Ол жерден иркилместен қаланың сыртындағы дәрья бойындағы бизлер Измаил қаласына келген ўақытта бекиниси ушын қазған окопларымызға әкелип орналастырды.

Бизлер қаланың шетине шыға алмай атырған ўақытта шегара жақтан алыстан атылатуғын оқ-жарақ пенен қаланың сыртындағы аэропортты, оннан кейин қай жерде болса да армияның орналасқан жерин оққа тутты. Соның арасында бизлер барып бекинисемиз дегенше таң да атты, жақты түсиўге қарады. Бир ўақытта дәрьядан өтип киятырған Румыния армиясының дәрьяның жары жолына келип қалғаны анық көринди. Душпанды иркиў керек, — деген буйрық болды. Киятырған душпанның өлгени өлди, өлмегени кейинге қарай шегинди. Оның кейини жақсы болған жоқ. Бизлерге артиллерия менен снарядларды қардай жаўдырды. Әжели жеткен өлип атыр. Түнде болмаса, күндиз жүриў мүмкин емес. Урыс басланған күннен баслап немецлердиң самолеты үстимизден өтип турды.

Дәрьяның аржағында кишкене атаў бар еди, сол атаўдан телефон арқалы команда берип турған бақлаўшы бар болыўы мүмкин деп бизиң артиллерия атаўдың астан-кестенин шығарып таслады. Усының менен оқ атыў азлап тоқтады.

Бизиң взводтың командирин ротаның командири шақырып алып, аржақтағы атаўды қәўипсиз етиў ушын бир станковой пулеметты толық расчеты менен таярлайсыз, деп тәртип берипти. Ол маған келип: «бүгин түнде сизлерди кеме менен арғы тамаңға өткериўге буйрық бар» — деди. Ол ўақытта болмайды деп айтыўға ҳақымыз жоқ. Урыстың аты урыс. Урыста турыс болмайды. Оны ҳәмме де түсинеди. Солай етип, қасыма станковой жәрдемшилерим — пулеметшы Бегунов пенен Уфетовты ерттим. Әсте-ақырынлық пенен пулеметты жетерли патроны менен аў қайыққа тийеп, қараңғы түскен ўақытта ескектиң сестин шығармай дәрьяның арғы жағына оғада епшиллик пенен өтип алдық. Тым-тырыслық. Қыймылдаған жан жоқ. Бизлер әсте-ақырынлық пенен қыялап жатып, дизерлеп отырып айтқандай окоп қазып алдық. Егер де Румыния әскерлери бас салып қоршап алған жағдайда қашып қутылатуғындай имканият жоқ.



Тек ондай жағдайда ақырғы оғымызға дейин атып, душпанның қолына түскеннен ең соңғы гранатаны өзлеримизге жумсаўға да қайыл болдық. Қулласы, бул жерде бир күн, түн болдық. Ертеңине тың-тыңлап жатырсақ, дәрьяның ишинде әсте-ақырын биреў ығып киятыр. Командирдиң бизлерди белгилеп берген «ШТЫК» деген пароли бар. Дәрҳал жақынлай бергенде «тоқта кимсең, атамыз», — деп едик бизлерге «штык» деп жуўап берди. «Қандай тапсырма бар» десек, сизлерди тез алып қайтың деген буйрық болды, — деди. Дәрьядан аман-есен өтип, қайтып взводымызға келип қосылдық.

Бирақ, аўҳал оғада аўыр еди. Немецлердиң армиясы еки жағымыздан да кесип өтипти, қоршаўда қалатуғын болдық деген суўық хабар болған екен. Соның ушын кейин қарай шегиниў керек деген полк командиринен буйрық болыпты. Бизлер қаладан шыға алмай атырып-ақ, қаланың ишиндеги ҳәм жақын жердеги нефтебазаларға, басқа да ҳәр түрли складларға от бергеннен кейин жалыны аспанды каплады. Буның себеби, күшти ҳәмлеп алғанға шекем немецлердиң қолында бир граммда дән. бирде оқ жарақ қалмасын деп, Қорғаныў комиссары Сталиннниң армияға берген буйрығы екен дести. Биреўлер бул ўақытша шегиниў шығар деседи.

Усы кейин қарай шегиниўимизден соң Измаил қаласы бираз алыста қалып қойды. Бирақ, бизлер шегингеннен кейин бе, бизлердиң тусымыздан онша қарсылық бола бермеди. Усы жүристен 7-8 күн жол жүрдик. Үлкен колхоз аўылына келгеннен кейин барып тоқтадық. Окоп қазып бекинис жасадық. Бизлердиң қорғаныў пунктин дүзгенимизди билип, душпан топылыс жасаў менен, бизлерге күш көрсете баслады. Артиллерия менен миномет снарядын қардай жаўдырды. Усы жерде душпан менен қыян-кести саўаш басланды. Бизиң ротадан Сапарнияз ҳәм Актилес деген жигитлер снарядтың осколкасынан жан тапсырды. Мениң станковой пулеметымның екинши жәрдемшиси болып жүрген Владимир жаралы болғаннан кейин, тоқтаўсыз түрде оның ўазыйпасы Хожаназарға тапсырылдн.

Душпан күши кем-кемнен күшейе баслады. Бекиниске қорғаныў пунктимиздиң душпанның күшине төтепки бергендей түри болмады. Түнге қарай тағы да кейин шегиниўди басладық. 2-3 күннен соң Кишинев қаласына келдик. Бул жерде ҳеш қандай иркилиў мүмкин емес еди. Қаланың көп жерлерине от берилген, лаўлап жанып атыр. Бул жерде бизден басқа армия қа-

лып жарымаған. Бизлердиң армиямыз тағы да кейин қарай шегиниўге қарады. Басқа илаж жоқ. Немецлердиң армиясы бизиң мәмлекеттиң бираз жерлерин басып алып қойыпты деген сыпсың гәплер, қәдирең әңгимелер көбейип кетти. Сонда да бизиң армия қалай еткен менен де Одесса қаласын бермес деген ойымыз бар еди. Бурын күндиз жатып, түнге қарай шегинетуғын болсақ, енди күни-түни армия эшелон-эшелон болып кейин шегине баслады.

Күн оғыры ыссы. Елп еткен самал жоқ. Қапырық ыссыда жүриўде мүмкин емес. Азғана ўақыт дем алыўға ҳәм аўқатланыўға тәртип болды. Соның арасында «ал, самолет» деген команда болып қалды. Немецлердиң 5-6 самолеты жоқарылап ушып киятыр екен. Оларды бизикилер тум-тустан зенитный артеллерия менен атқан болды. Сирә снаряд тийетуғын түри жоқ. Дем алып отырған әскерлер тум-тусқа, ой-шуқыр пана болса излеп тығылып атыр. Мен де мәкке өсип турған атызға қашып барып, ойлаў бир жерге тығылған болдым. Бирақ, еки көзим аспанда, немецлердиң самолетына қарайман жатаман. Бир ўақытлары бир пугас бомбасының мениң қасыма 10-15 метр жерге келип түскенин билемен, еки қулағым тас болып питтти де қалды. Оң ийнимниң бир жағын жулып кеткен шығар деп ойладым. Басқа жолдасларымның аўҳалы не болып атырғанын қулағым ҳасла еситпейди. Тек жатып алып «маған жәрдем бериңлер» деп бақырыўды билемен. Бир ўақытлары даўысымды еситип жолдасларым Оспан Әбиев, Шаму Суюров деген еки жорам жуўырысып жаныма жетти. Мениң жаралы болып атырғанымды көрген олар, «енди бизлердиң күнимиз не болады» деп қамсығады.

Соның арасында бөлимнен санитарлар машинасы жетип келип, ҳамшийра жарамды таңғаннан кейин мени екеўи машинаға көтерип салып; «сен аўылға қайтатуғын болдың, бизлердиң жағдайымызды айтып барарсаң» деп мениң менен жылап хошласып, шығарып салды. Меннен басқа бизиң взводтың жәрдемши командири Самсашвили ҳәм бир азербайжан жигити жарадар болған екен. Жолда киятырмыз. Санитарлар машинасының нәзери Одесса қаласына қарай бағдар алып киятыр. Қаланы немецлердиң самолеты тынбай бомбалап атырған екен. Тағы да буннан басқа да жеңил самолетлары бир жерде әскер, ямаса бир машина көрсе болды жоқарыдан автомат оғына тутады. Машинада отырып қорқа-қорқа қаланың ишине ендик. Елеспесизлеў көше менен Қара теңиздиң шетиндеги жағыста турған үлкен теплоходка мингизиўге алып келди. Ол ўақытта Одесса қаласы қурғақлық тәрептен немецлердиң армиясының қоршаўында тур еди. Қатнасық тек теңиз арқалы болып турады екен.

Кешқурын қараңғы түскеннен соң жарадар болған әскерлерди мингизген теплоход түни менен Қырымға қарай жол тартты. Теплоходтың үстине ҳәм бизлерди қорғап жүрген әскерий катерге самолетларға қарсы атылатуғын зенит орнатылған. Түн жарпында теңиздиң ортасына барған жерде немецлердиң самолеты бизлердиң үстимизден келип бомба таслады. Бирақ, бизиң зенитчиклердиң снарядынан албыраса керек, таслаған бомбасын дийдилегендей етип таслай алмады, олар теңизге түсип атты. Теплоход болса бомбаның суўға түскен толқынының өзине аўдарылажақ болып зорға қалды. Қорыққанымыздан тек бизлердиң шықпаған жанымыз қалды. Теплоход сол жүристен таң атып сәске болған ўақтында Қырымның Симферополь қаласының жағасына келип тоқтады. Ол жерде турыўға мүмкиншилик болмаса керек, тағыда қаладан шығып жүрип кетти.

Сол жүристен Қара теңиздиң жағасындағы Сочи қаласына әкелип түсирди ҳәм усы жердеги әскерий госпитальға алып келип жатқарды. Бул 1941-жылдың август айының иши еди. Госпитальдағы шыпакерлер, медсестралар оғада жақсы қарап, емледи. Аўыр жаралы болып келгенлерди комиссияға жиберип, жарамсыз болса аўылларына қайтарады. Мен госпитальда бир айдан аслам жатып, емлендим. Ийнимниң жарасы жазылып, далаға кирип шыққандай болдым. Комиссия гейбиреўлерди жарасы жазылыўдан фронтқа қайта жиберип атыр. Көп кешикпей мени де комиссияға шақырып фронтқа барасыз деп Пенза қаласына жиберетуғын болды.

1941-жылдың сентябрь айының иши еди. Сочи қаласынан жарам шалама-шекки жазылғаннан кейин госпитальдан шығып поезд бенен Россияға қарап жол тарттық. Поездdиң ишиндеги әскерлер ҳәр жердеги госпитальларда емленип саўалып шыққанлар. Усыған қарағанда шамасы армияда бурыннан хызмет етип киятырғанларды мүмкиншилиги болғанынша аўылына қайтармайды-аў деп ойлаймыз.

Минип киятырған поездымыздың қай жерлерге келгенин билмеймиз, бир ўақытлары тарса-турыс бола қалды. Гурсилди болғаннан-ақ поезд тоқтамақшы болып еди, соған қарамастан алдыңғы вагон иркилип, кейинги вагон алға асырылып түсип, қалай болса солай апатшылық болды да қалды. Түн жарпынан өтип, таңның алды болса керек, немецлердиң бомба таслайтуғын самолеты жүрип киятырған поезды қалай болмасын билип қалып үстимизге еки бомбаны таслаған екен. Дәслепки бомба поездлиң алдына темир жол рейсиниң үстине түсип, екинши бомба жолдың қапталына қатара түскен соң вагонлардағы адамлардан көпшилигин зая етти. Соның арасында таң да атты. Қай жақтан хабар болса да поездың апатшылыққа ушырағанын билип, жәрдемге кейнимизден екинши поезд келди. Аман қалғанлардың барлығын поездға мингизди. Мен улыўма поезд составы аўдарылған ўақтында вагонның бир қуўысында қалған болыўым керек, қулласы хеш жеримнен жаралы болмай аман қалыппан. Бирақ көп ўақытқа шекем тула бойымды ала алмай жүрдим.

Демниң арасында-ақ, темир жолдың рельсин дүзетип, поезды жүргизип жиберди. Поезд хеш жерге иркилместен бизлерди Пенза қаласындағы «емлеў батальоны» деп аталатуғын, анығырағы әскерий заводқа апарып тапсырды. Үлкен қоршалған казарма, еки мыңнан аслам әскер турады. Бул жерде 5 айдай турдық. Болып атырған әскерлердиң барлығы урысқа қатнасқан, жеңил жаралы болғанлар. Күнде комиссия болып, 20-30 әскерди фронтқа жиберип турады, ал сол қурақым әскер жаңадан келип қосылады. Бир күни мени комиссия тағы фронтқа жибериўди уйғарды. Солай етип, бизлерди ҳәм басқа да жерлерден әскерлерди жыйнап Украина фронтына апарып, запаста турған «биринши гвардия», дивизиясына қосты. Бул 1942-жылдың апрель айының иши еди.

## ТАҒЫ ДА САЎАШҚА

Қайта дүзген бизиң дивизияңы Воронеж қаласына жақын жердеги Днестр дәрьясының бойына қорғаныс дүзип жатқан армияға апарып қосты. Дәрьяның берги бойында бизиң армия болса, арғы бойында немецлердиң армиясы орналасқан. Еки жақтың армиясы да тындырмай қурал-жарақтың ҳәр түринен оқ, снаряд боратып тур. Урыс атыспасыз болмайтуғынына көзимиз жетеди. Оғада сақлық пенен ҳәрекет етип атырмыз.

Бир күни бизиң полкқа дәрьядан өтип, бақлаў жасап қайтыўға тийислисиз, немецлердиң қорғанысын анықлап қайтасыз деген буйрық болды, деп хабар келди. Мен ол пайытларында да станковой пулеметтың биринши атқышы едим, екинши санлы пулеметшы Саша деген орыс жигити еди. Түнги саат 2-3 лердиң шамасында бир тоғайлықтың тусынан оқжарағымыз бенен әсте-ақырын кемелерге сыйғанымызша жайласып бирим-бирим өтип атырмыз. Бизлерде қурал-жарақтың неше түри десең де бар. Таңның алдына дейин полк бойынша бәримизде дәрьядан өтип болдық. Деген менен пүтин полк баратуғын бул қандай бақлаў (разведка) екенине түсинбей ҳайранбыз? Ойлаўымызша разведкаға 2-3 солдат барыўы керек еди. Деген менен командирдиң буйрығын орынлаўымыз шәрт.

Дәрьядан өтип болғанымыздан кейин взвод командири ўазыйпаны айтып түсиндирди. Берилген тәртип бойынша сылт еткен сес болмаўы керек. Сондай-ақ командир тәрепинен атыўға буйрық болған жағдайда ғана душпанға аяўсыз соққы берилиўи тийис. Тоғайдың арасында дизилисип, ҳәр жер-ҳәр жерде бир иркилип, кетип баратырмыз. Алдымызда биреўлер разведка жасап, солардың силтеўи бойынша жүрип баратырған болыўымыз итимал, тоғайдың арғы шетине шықсақ, жан баўырлаў таўдың етегинде немецлердиң армиясы қорғаныс жасап, окоп қазып бекинисип жатырған екен. Бизлердиң киятырғанымыздан хабардар болса керек, бизиң әскерлердиң алды көриниўден автоматтың оғы қардай борап жаўа баслады. Соңын ала қурал-жарақтың қандай түри барлығын иске қосты. Бизиң әскерлер де душпанға оқты жаўдырып атыр. Бир қыйын жери тасаланып атқандай жер емес, бизлерди үлкен шығынға ушыратты. Немецлердиң армиясы орналасқан жер таўдың етеги, бурыннан бекинисип алған жери.

Бир ўақытлары мениң атып турған станковой пулеметымнын

қулағы жоқарыға барды да, кейин қарап қайтпай атылмай қалды. Не қыларымды билмей албырап атырғанымда екинши санлы атқыш Саша пулеметтың қулағының үстинен басайын деп сәл омыраўын көтергени сол, бир оқ маңлайына сарт ете қалды. Қапталлап барып қулашын жайып қулағанын-ақ көрип қалдым. Тилге де келмеди. Бул қанлы урыстың салған бүлгиншиликлериниң тағы бир көриниси еди.

Урыс болғаннан соң басынды көтерип қасындағы жатқан адамға қараў мүмкин емес. Мен артымдағы үшинши санлы жәрдемши Бийсенге «берман жақынла, Сашаның орнына кел», деп шақырыўға қайымласқаным сол, оң қолымның билегине автоматтың оғы келип шырп ете қалды. Соның арасында мениң жарадар болғанымды көрип, Бийсен қасыма жақынлай берген ўақтында оған пулеметты тапсырдым да, бир қоллап ой-шуқыр менен еңбеклеп кейин шегинип, тоғайдың ишине кирдим. «Оттың ишинде пахтаны саклаў», деген усы шығар, оқ шўйкилдеп келип алды-артыма түсип атырса да, аман-есен жарақатланыўым менен тасаға келип үлгердим.

Қолымнан сорғалап аққан қызыл қанға үстимниң боялмаған жери калмаған екен. Илаж канша? Тасаға келгеннен кейин өзимдеги аўысық бинтимди алып, жарамды таңған болдым. Снаряд тоғайдың ишине де келип түсип атыр. Колымнан жаракатланған менен аяғым менен жүриўге мүмкиншилигим бар. Илажсыз жүриўиме туўра келди. Тоғайдың иши менен дәрьяның жағысын излеп, шамалап жүрип отырдым. Түнниң таң атқан жақтысы билинип, күн де шығайын деди. Туўрылап дәрьяның жағасына келсе, кеме менен жарадар болған әскерлерди дәрьяның арғы таманына өткерип атыр екен.

Урыс жүдә жаман қыян-кести аўҳалда болды. Командирлер тәрепинен тәртипли түрде буйрық бериўге де мүмкиншилик болмады. Бизиң армияда көп адам зая болды. Немецлердин армиясы жүдә қолайлы жерде орналасып қорғаныс дүзип алған, оларға қарсы соққы бериўге ҳеш қандай мүмкиншилик болмады. Мениң аңлаўымша бизиң ротада адам қалып жарымады. Бизиң взводтың командириниң үстине минометтиң



снаряды келип түскен ўақытта бир аяғын жулып кетип жансыз қалғанын, мениң өзим жаралы болмастан бурын өз көзим менен көрген едим. Ол ўақтында ким өлип, ким жаралы болмасын ойланыў мүмкин емес. Мен жарадар болғанымнан соң дәрьяны жағалап жақынлап келдим. Усы жерде болған бир ўақыяны баянлап берейин. Сонша жыллар өткен болса да, тап күни кешегидей еле анық ядымда. Бизиң армиядан бир грузин жигит (шыпакер) жаралыларды көрип, дәри-дәрмақ жағып болғаннан кейин бинт пенен орап дәрьяның арғы жағына өткерип турған екен. Мениң де қолымның жарасын көрейин деп үңилип қарай бергени сол, алыстан бир снаряд ысқырып келиўи менен жаңағы шыпакердиң артына келип түсти, сол жерде турған адамлар ҳәммеси шалқасына таслап, қулап жата кетти. Турып қарасам, қолымның жарасын таңайын деп атырған жаңағы шыпакер грузин жигиттиң арғы жағына келип түскен снарядтың осколкасы басының бир жағын жулып кетипти. Басқаларымыз аман қалдық. Деген менен үлкен қорқыныш пайда болды. Себеби адамлардың дәрьядан өтип турғанын сезген душпан нышанаға алдыма деген қәўип пайда болды. Сол жерде жарадар болып келгенлердиң мүмкиншилиги барының бәри көплеп-көмеклеп жаралы шыпакерди кемеге мингиздик. Бирақ, дәрьяның арғы жағына өтемен дегенше жан тапсырды.

Дәрьяның арғы жағында болса, жарақатланғанларды ат жегилген арба менен жиберип атырған екен. Бизлерде 20-30 шақырымдай жерде траншеяның ишинде шыпакерлер менен медсестралар күтип отырған екен. Олар дәрҳал жараларымызды көрип, тез жәрдем берип атыр. Мениң жарақатымды көрген, докторлар мени госпитальға жибериўге дизимге алды. Бул жерде көп иркилиўге болмайды. Ғаўжа-ғаж урыс қаҳарине минген. Немецлердиң армиясы дәрьяның берги бойында алыстан ататуғын қурал-жарақлар менен оқты қардай боратып тур.

Мени жарақатланған 10-15 әскерлер менен түнде машинаға мингизип, жөнелтип жиберди. Бир күн жүргенимизден соң тоғайдың ишинде жайласқан №4086-дала госпиталына әкелип жатқарды. Бул жерде ояқ-буяғы бир ярым айдай емлен-

RESPUBLİKALIQ BALALAR KİTAPXANASI
236668
MA'LİMLEME RESURS ORAYI
4461

дим. 1942-жылдың 5-август күни және душпан менен бетпе-бет алысыў ушын саўаш майданына атландым. Толықтырыў-шы запас бөлимде еки ярым айға шамалас хызмет еттим. Кейин ноябрь айында Ленинград фронтының 93-атқышлар полкына апарып қосты.

## УГИТКЕ ЕРМЕДИК

Қалың қарағайлы тоғайдың ишинде урыс тактикасын үй-ренип атырмыз, басым көпшилиги түркмен жигитлеринен қу-ралған болғанлықтан, қурамымыз «ТҮРКМЕН БРИГАДА-СЫ» деп аталады. Командирлер қурамының барлығы дерлик орыс жигитлери. Бирли-ярым ғана түркмен жигитлеринен взвод командири бар. Мен бул жерде бөлим командири бол-дым. Тактиканы да тамамладық. Немец армиясы жайласқан жерлердин шегарасында қорғаныста болып атырмыз. Анда-санда «немецлер менен урыспаң», «немец армиясы азат етиў-ши армия» деген сөзлер жазылған қағазларды самолет пе-нен үстимизге таслап кетеди. Ҳаўадан усы мазмундағы үгит-ти түркмен тилинде радио арқалы қышқырып бақырып тура-ды. Оның қаяқтан сөйлеп турғанын ҳеш ким билмейди. Ар-мияның сиясий басшылары бундай сөзлерге қулақ салынба-сын деп, ҳәр ўақ келип лекциялар оқып турады.

Күн қатты суўық. Түп десе түкирик жерге түспей, ернинде қалады. Қардың жаўып турғанын да, ямаса жерден ушып турғанында билмейсең. Үстимиздеги кийимлеримиздиң сыр-тынан кийиниў ушын ақ халат берип қойыпты. Жерде жатыр-ған адамды түбине барып көрмесең, аңламайда қаласаң.

Бир күни мени рота командири шақырып алып; «қорғаныс-тың батыс жағында қурал-жарақтан оқ көбирек атылып тур, соған қарағанда команда берип турған от ашатуғын орны болыўы керек, шамалап бақлаў жүргизип қайтасаң», деп буйрық берди. Буйрықты орынлаўымыз шәрт. Екеўимиз әсте-ақырынлап қарағайлы тоғайдың арасы менен кетип бара-тырмыз. Күн оғыры боран. Аяғымызда байпақ, үстимизде тон, сыртымыздан ақ халат кийип алғанбыз. Бир ўақытлары 3-4 адам үргин қардың арасында ағараңлап көринген болды.



«Бизиң адамлар болып жүрмесин» деп қасымдағы жолдасы-ма айтқанымда сол, олар автоматтың оғын бизлер таманға қардай боратып жиберди. Ҳә демей автоматтың бир оғы шеп аяғымның санын тесип өтип кетти. Турған жерде аяғымды ба-са алмай қуладым. Ең дәслеп немецлердиң әскерлери биз-лерди айыра алмай турса керек, себеби бизлердиң даўысы-мызды еситкеннен соң, автомат пенен оқ атқан екен.

Мениң қолымда найзалы бес атар мылтық. Жолдасымда болса автомат. Мениң атыўға мүмкиншилигим болмады ал, жолдасым автоматтан оқты үсти-үстине жаўдырып атыр. Орнымызды да өзгертиўге туўра келди. Себеби, автоматтың сести шығып турған жерди билсе, миномет, снаряд оғын жаўдырады. Қарды қолым менен ысырып, ойлы-пәсли жерлер-ден еңбеклеп жүрип, әсте-ақырын тоғайдың ишине барып енистик.

Тоғайдың ишинде жасырыныўға мүмкиншилик болған соң, жолдасым биресе арқалап, биресе сүйеп әдеўир жерге шекем апарды. Соның арасында шана сүйреген 5-6 ийт бизлердиң қасымызға жақынлаған ўақытта орысшалап шақырып едик, қаңсылаўы менен бизлердиң қасымызға келди.

Мени дәрҳал шанаға жатқарған соң орысшалап «ТАРТЫН» деп команда берилип еди, барлығы бирден күшин жәмлестире алмай тарбаяқлап атырғанда азлап ийтерип демеңкиреп жи-берип еди, мени сүйреп ала жөнелди. Соннан тоғайлықтың ишиндеги 5-6 шақырым жердеги санитария пунк-тине алып келди Бул жерде шыпакерлер, дәрҳал көрип, мед-сестралар дәри-дәрмағын жағып, аяғымды сийле менен ора-ды ҳәм ҳазар бермей жатқарды. Бирақ, ол жерде көп болма-дым. Басқа да жарақатланғанларды қосып, машина менен бир мезгиллик жердеги тоғайдың ишинде жайласқан №1899-дала госпиталына апарып жатқарды. Аяғымның сүйеклери аман, бирақ оғада ҳәзарлы. Қозғалыўым мүмкин емес. Шыпа-керлер көрип, жеңил жара деди. Усы госпиталда 1942-жылдың 13-декабринен 1943-жылдың 15-мартына шекем жаттым.

### УРЫС ҚӘҲӘРИНЕ МИНДИ

Урыс қәҳәрине минип тур. Тағы да төртинши рет Смоленск қаласы бағдарындағы фронтқа 979-атқышлар полкине запас қатарындағы армияға қосты. Бул пайытлары Москва қаласы түбинде немецлердиң армиясына соққы берилип, биздиң армияның барлық фронтлары да алға қарай илгерилеген уақты еди. Бизлер болып атырған бөлимде әскерлер бир жағынан келсе, бир жағынан сауалғанлардың есабынан армия дүзилип фронтқа атланып атыр. Мен ақсаңлап онша жүре алмағанлықтан ба, сол әскерий бөлимде 1943-жылдың август айына шекем болдым. Көп кешиктирмей 20-30 әскерди айырып алып, алға қарап атланыўға (наступление) таярланып атырған алдыңғы қатардағы армияға апарып қосты. Сол жерде бир ҳәптедей болдық. Бизиң армияның таярлығы жүдә күшли болды. Мени бурыннан армияда хызмет етип жүрген (кадровой) әскер болғансоң ба, қасыма бир украин жигитин қосты, (фамилиясын умыттым), «екеўиңиз разведкаға барасыз» деп батальон командири тәрепинен буйрық болды. Бул украин жигити де армияға урыстан бурын алынған екен. Бизлерге тапсырылған ўазыйпа душпанның күшли жарағы (огневой точка) қандай орынға орналасқан ҳәм қай жерден алға илгерилеўге мүмкиншилик бар, соны анықлап келип командирге мағлыўмат бериўимиз керек еди. Буйрықты қабыл еттик. Тәңирге тәўекел әсте-ақырынлап екеўимиз кетип баратырмыз. Түн тастай қараңғы. Бизлердиң бахтымызға азлап анда-санда жаўын жаўып тур. Душпанларда үзликсиз прожекторды бизлерге қаратып қойды. Гейде түргелип, гейде еңбеклеп жылжып кетип баратырмыз. Душпанға тәўир-ақ жақынластық. Ўақыт шамасы түнниң жарпынан аўған. Қатар қазылған траншеяларға душпанлар орналасып алған. Сестинен, былай-былай жүрген қыймылынан шамалаймыз. Анықлап билейик деп, тыңлап турған гезимизде душпанлар жақты түсиретуғын ракетаны аспанға қарата атып жиберди. Барлық жер күндизгидей жап-жақты болып кетти. Жақтыда сезип қалдыма деген, бизлерде ой пайда болды. Бир гезде душпанлар бизлерге қарата автомат оғын жаўдырып жиберди. Жолдасым «аяғымнан жаралы болдым» деп маған ыңырсып белги берген болды. Енди қыйын болды аўҳал. Ол жерден орынды жылдам өзгертиўимиз керек. Анық сезген болса, барлық қурал-жарағының оғын бизлерге қаратады. Жер баўырлап жатып бир шетке еңбеклеп жылысқан болдық. Қасымдағы жолдасым мениң арқама минип алды. Өзи де арасында саў аяғы менен демейди. Соның өзи маған әдеўир жәрдем болып көринеди. Солай етип, таң атпай-ақ өзимиздиң армияның шегарасына жақынластық. Аман-есен қасымдағы жолдасымды қалдырмай, өзимиздиң әскерий бөлимге келип қосылдық. Көрген-билгенлеримди, кешкен қыйыншылықларды айтып, командирге баян еттик. Жаралы болған жолдасыңды өзиңнен қалдырмай алып келгениң жүдә зор болған деп, рота командири мени мақтапта қойды. Командирдиң маған «зор болыпты» дегениниң нәтийжесин бираз жыллардан соң билип жүрмен. Өйткени, мен сол фронтта жүрген дәўиримде-ақ, разведкаға жибергендеги командирдиң буйрығын орынлағаным ушын ҳәм қасымдағы жолдасымды жаралы болғаннан кейин қалдырмай алып келгеним ушын, мени наградлаўды жоқарыға усынған екен. Бирақ, көп кешикпей душпан армиясына қарсы алға илгерилеўге (наступление) буйрық болып, фронтта жаралы болғанымнан кейин кетип қалғанман. Сонда да госпитальдан жазылып, аўылға келгеннен кейин районлық әскерий комиссариат арқалы «Қызыл жулдыз» орденин алдым.

Бизиң армия бурынғыға қарағанда күшти әдеўир жыйнады. Әскерий техниканың түрлери көбейди. Катюша, танкилердиң бир қанша түрлери бизлердиң қасымыздан фронтқа қарай өтип турды. Август айының ақырына таман бизиң полкқа алға илгерилеп, ҳүжимге өтиўге толық оқ-жарақ, тағы басқа керекли нәрселер берип таярланыўға буйрық болды. Армияның барлық түрлери менен фронттың ең алдыңғы қатарына жақынлатып апарды. Таң атып, күн шығып киятыр еди, немецлердиң армиясының жатқан жери қолайлы екен, жүдә күшли қорғаныс дүзип бекинисип алған. Бир гезде жоқарылап ушып киятырған бизиң 10-15 самолет немецлердиң қорғанысын бомбалаўға қарады. Кейин ала бизиң артиллерия ҳәм катюша снарядларды қардай жаўдырды. Берилген тәртип бо-

йынша алысырақтан қызыл ракета атылды. Сол ўақытлары ҳәммемизге орынларымыздан турып, алға басыўға буйрық болды. Кейнимизден араласа келген танклер менен алға қарай кетип баратырмыз. Немецлердиң биринши қорғанысын күл-талқан басып өттик. Бизлерге қарсылық көрсеткендей жан жоқ. Сол қорғаныстағы немецлердиң әскерлеринен адам қалмаған болыўы керек. Өйткени, қай жер болса сол жер өликлерге толып қалды. Урыс шығынсыз болмайды деген,-усы да!

Ҳеш қандай қарсылықсыз сол жүристен 10-15 шақырымдай жол жүрдик. Немецлердиң армиясы екинши қорғаныс оборон дүзип күшин бизлерге көрсетти. Деген менен алға қарай жүриў басланар алдында командирлер кейин қарай шегиниў болмасын,—деп буйрық берди. Алға қарай жүриў мүмкиншилик болмаса да еңбеклеўим менен алдымдағы жаўынның қазып кеткен үлкен бир жырасына барып түстим. Қасымда Қазақстанның Павлодарь областынан Оспан деген жигит ҳәм Өзбекстаннан бир жигит бар. Бизлерди немецлердиң атқышлары көрип турған болыўы керек, оқты қардай жаўдырып атыр. Соның арасында бир снаряд мен тәрептен 5 метрдей жерге келип түскенин билемен, оң жақтағы аяғымды жулып кетти. «Енди өлдим ғой»,—деп даўысымның барынша бақырып жибериппен, еки көзим де көрмей қалды деп бақырып жылап атырған даўысын еситтим. Екинши жолдасым тымтырыс. Не болғаның билмеймен. Оны соң кешқурын билдим, ол Оспан екен, снаряд тап оның дәл үстине келип түсип, бақырыўға да шамасы келмей қалған екен.

Жарадар болған ўақтым күндизги саат 3-4 лердиң шамасы еди. Илаж жоқ, шықпаған жанымыз бар. Қыйналып жатып, қалтамдағы бинт пенен аяғымды орап едим, бәрибир сорғалап қан сыртына шығып атыр. Қазған окобымның топырағын алып, аяғымның үстине үйсемде қан сыртына шығып кете береди.

Кеш болып, қараңғы түсти. Бир ўақытлары қолында насилкасы бар, жаралыларды излеп жүрген ҳамшира қызлар қасымызға келди. Ең дәслеп еки көзи де көрмейди екен деп, қасындағы жолдасымды алып кетти. Кейин мени де алып кетип, жақын жердеги жайдың қасында турған бир докторға тапсырды. Ол жерде күтип турған еки жигит мени ат жеккен



тележкаға мингизип, бираз жол жүргенимизден соң, тоғайлықтың арасындағы брезеннен исленген палатаға әкелип жатқарды. Булардың бирин-билсем, бирин билмеймен. Әдеўир қаным кетип, өлиў ҳалатына келгенмен. Шыпакерлерге рахмет, аяғыма дәрҳал операция иследи, уўланған етлеримди кесип алып, денеме қан жиберди, қолдан келген жәрдемлерин аяп отырған жоқ. Ең ақырында аўыр жарадар болғанлықтан, мени сол жерде бир ҳәпте сақлап, кейин тағы да машын менен, соңынан поездға мингизип, неше күнде екенин билмеймен, Татарстанның Қазань қаласына әкелип госпитальға жатқарды.

1943-жылы 30-август күни жарамның ҳазары азлап қайтқан соң, зәрре есиме келгеннен кейин Қазань қаласындағы №5869 госпитальда жатқанымды билдим. Мени емлеген шыпакерлердиң аты ядымда жоқ. Көп хызмет ислеген шыпакер татар ҳаял екен. Бир айға шекем госпитальда қозғала алмай жаттым. Аяғымның жазылғандай түри жоқ, илаж жоқ, шыдап жатырман. Кейин комиссиядан өткерип «аяғыңды кеспесе жазылмайды» деген жуўмаққа келинди. Мен «аяғымды кестирмеймен» деп жылап турып өтиниш еткенимнен соң, емлеўши шыпакер «өзим кеспей-ақ операция ислеп көрейин» деди. Жарадар болған ўақтымда жәрдемсиз азаннан кешке шекем жатқанлықтан, аяғымның оқтан уўланған талақтай -қара исиги бақайымнан баслап жуўан саныма шекем бар екен. Операция ўақтында барлығын таза етке шекем кесип таслады. Аяғымның кесилмей қалыўына солай етип емлеўши шыпакердиң өзи себепши болды. Бул операция сәтли шыққанлықтан жарақатым кем-кемнен қуўырылып, жазылыўға бейимлесе баслады. Мен өз қәддиме келип, есимди жыйнағаннан кейин өткен қыйыншылықларым, бирге жүрген жора-жолдасларым, сондайақ, маған жәрдем еткен инсанлардың жақсылықлары көз алдымнан бирим-бирим елеслеп өте баслады. Мениң аяғымның кесилмей қалыўына тек госпитальдағы емлеўши шыпакер себепкер болған еди. Жоқ, ҳеш ўақтында есимнен шықпайды. Мениң бахытыма бул шыпакер ҳаял тәжирийбели маман хирург болып шықты. Егер мен ол адамды ҳәзир көре қойған жағдайымда; «Сизге өлгенимше миннетдарман» деген болар едим. Биреўге биреў себеп болады деген усы шығар? Ең дәс-

леп өлмей қалыўыма фронт майданынан алып шыққан еки қыз себепши болды. Егерде сол жарадар болған күни, түни менен жәрдем болмай қалып қойған жағдайымда қанымның бәри ағып, қансырап-ақ тамам болған болар едим.

Урыста қандай қыйыншылықлар болатуғын болса мен ҳәммесин басымнан кеширдим. Себеби урыста төрт рет жаралы болып, урысқа төрт рет қайтадан киристим. Қасымдағы бирге жүрген жолдасларымның нешшелери қайтыс болып, қанға боялып қалып қойғанын талай мәртебе өз көзим менен көргенмен. Өз қолым менен бир қаншасын жайғастырдым, соларды көргенде мен аман-есен аўылға қайтады екенмен деп хеш қандай ойыма келген жоқ еди. Мениң менен урыс басланбастан бурын армияға алынған еки машина толып кеткен 50-60 адамлардан аўылға жаралы болып аман келгенлер ишинде Алиев Оспан, Суюрев Шаму, Уфетов Хожаназар, Сапаров Алланияз, Сипатдийинов Уфет, Қалмуратов Нуратдийин, Жуманиязов Нурылла ҳәм мениң менен ҳәммеси 8 адам елге аман келгенбиз. Булардан 2000-жылға дейин 6 адам қайтыс болды.

Ендиги жағында мениң қудайға шүкирлигим көп. Бала-шағалы болдым, жасым сексеннен асты. Ендиги жағына хеш қандай әрманым жоқ. Халқым, елим аман болсын деймен, мениң көрген қыйыншылықларымды ендиги әўладлар илайым көрмегей деген тилектемен.

## ПАРАХАТ ТУРМЫС ҚУШАҒЫНДА

Туўылған жер! Ўақыттың өтиўи менен өзиме келип, ақылҳуўшымды жыйнағаннан соң туўылған жерим ҳаққында көбирек ойлайын дедим. Урыста қурбан болған Оспан достымды еследим. Оның менен 3-айдан аслам урыста бирге болдық ҳәм ол гезде бир-биримизге; «егерде анаў-мынаў жағдай болса, бир-биримиздиң үйимизге хабарлаў кереклигин айтысып, мәкан жайларымызды жазып алған едик. Сол бойынша оның үй мәканына хат жаздым. Урыс қәҳәрине минип атырған соң былай-былай бет бурыў жоқ, тек ойымыз жаўды жексен етип елге аман-есен қуўысыў болды. Үйден бирден-бир хат



алған емеспен, бирақ өзим қайсы фронтта жүрсем де үйге хат жазып турдым.

Бир күни түнде уйқылап атырып түс көрдим. Түсимде туўысқан иним Есемуратты армияға алыпты. Ертеңине азанда медсестра; «Сизге телеграмма келипти» деди. Оқып көрсем «аман отырмыз, Есемуратта армияға алынды» деген екинши инимниң жиберген телеграммасы екен. Аяғымның жарасы аўыр болғанлықтан госпитальда 10-айдан аслам жаттым .Ақыры урысқа жарамсыз болғанлықтан комиссия мени аўылға қайтарды. Қолымда еки балдақ пенен аман-есен елге арапастым.

Үйге ағайин-туўысқанлар, жора-жолдаслар дегендей ҳәмме келип атыр. Арадан 2-3 күн өткеннен соң бир қатар жас үлкенлер жыйналып, почтадан келген бир хат пенен әскерий комиссариаттан келген «қара қағазды» әкелип отыр. Бул жарадар болған иним Есемуратты «қайтыс болды» деген әскерий комиссариаттың билдириў қара қағазы екен. Мен аўылға келип туўысқанларымды қуўандырып атырғанда, бул хабарды жеткериўдиң жасуллылар есабын таба алмай жүргенде, Есемураттың қолы менен жазылған хаты келди. Ол «госпитальда емленип жатырман» депти. Иним Есемурат та аўылға саў-саламат келди.

Мен урыстан келгеннен соң, қуры қарап жүре бериўдиң есабын таба алмай, қәнигелигим бойынша районлық финанс инспекторы болып иследим. Еплеп балдаққа сүйенип жүрип жумысымды атқардым. Соңғы жыллары көпшилик районларда салық инспекторы болып хызмет еттим. Сондай-ақ, Қараөзек, Шымбай, Тахтакөпир районларында финанс бөлиминиң баслығы болып иследим. Ҳәзирги ўақытта ҳүрметли дем алыстаман. Мийнет ислеп жүрген дәўиримде өзиме тапсырылған ўазыйпалы жумысларымды ўақтында мүлтиксиз пидәкерлик пенен атқарып жүрдим. Соның ушында финанс тараўында пенсияға шыққанға дейин үзликсиз 53 жылдан артық пидәкерлик пенен мийнет еттим. Мен усы финанс тараўының қандай лаўазымында ислейин, мәмлекетлик қаржыны жумсаўда ҳәм оны бақлаўда хеш қандай қыянетшиликке жол қойғаным жоқ. Сондай-ақ, жәмийетшилик жумысларға бел-

сендилик пенен қатнасып жүрдим.

Мен 1918-жылы Қараөзек районы ҳәзирги Бозатаў районы на қараслы «Бекнияз жыққан» деген жерде күнин өзи көргендей орта хожалық семьясында туўылғанман. Әкем 1923-жылы мен 5 жасар уақтымда қайтыс болған. Оннан кейин анамның тәрбиясында болып келгенмен. Өзим ержетип үйли-жайлы болғаннан кейин бир қанша бала-шағалы болдым. Ҳәзир 2 улым бар. Солардан 10 ақлық, 2 ақлығымнан 4 шаўлық көрип отырман. Үлкен балам тарийх илиминиң кандидаты, хожалығы Нөкисте турады. Екинши балам Ташкенттеги аўыл-хожалық институтын питкерген, қәнигелиги экономист, ҳәзир Қараөзек районлық статистика ҳәм есаплаў орайының баслығы. Хожалығы мениң менен Қараөзек районында турады. Өмирлик жолдасым 36 жылдан аслам саўда тараўында исседи. Қартайғаны бойынша пенсия алады. Ҳәзир ҳүрметли дем алыста. Еки ақлығым институтта оқып билим алып атыр.

Қудайға мың қәтле шүкир урыстың тамам болғанына 2000-жылы 55-жыл толды. Бул сәнени үлкен көтериңкилик кейпияты менен нышанладық. Урысқа қатнасқаным ушын бир «Қызыл жулдыз», бир «Ўатандарлық урыс» ордени ҳәм онлаған медаллар менен сыйлықландым, ал, Ғәрезсизлик дәўиринде «Жасорат» ҳәм «Жеңистиң 50-жыллығы» юбилейлик медаллары менен сыйлықланғанман.

Ҳүрметли Президентимиз И. А. Каримовтың даналық басшылығында халқымыз бенен бирге парахатшылық турмыста жасап киятырмыз. Жеңис күни 9-майды Президентимиз Еске алыў күни деп айрықша пәрман шығарып қойыпты. Сонлықтан бизлер урыста жанын берип, қалып қойған азаматларды ҳүрмет пенен еске алыў миннетимиз ҳәм адамгершилик жүзесинен парызымыз деп есаплаймыз. Улыўма айтқанда урыс ветеранларына Президентимиздиң көрсетип атырған ғамхорлығы ушын миннетдармыз.

Ғәрезсиз Өзбекстан Мәмлекетиниң жайнап-жаснап гүллениўи ушын биз ветеранлар, жасларға ақыл-нәсиятымызды айтып, оларды ўатанды сүйиў руўхында тәрбиялаўымыз керек. Өйткени келешекте жәмийетимиздиң алға қойған ең ийгиликли арзыў нийетлерин әмелге асырыўда таянышымыз ҳәм үмитимизде—усы жас әўладларымыз болып есапланады. Сондай-ақ, халқымыздың үрип-әдет дәстүрлерин ҳәзирги дәўирге ылайық етип турмысқа енгизиўде де биз ветеранлар жетекшилик етиўимиз керек.

Елимиде мудамы тынышлық, парахатшылық бола берсин деп тилеймен!

**Редакторы** Жийенбай ИЗБАСҚАНОВ.
**Техредакторы** Елмурат ТУРДЫМУРАТОВ.
**Корректоры** Сәрсенбай ҚАЗАҚБАЕВ.

Териўге берилген ўақты 25. 05. 2000. Басыўға рухсат етилген ўақты 08. 06. 2000. Қағаз форматы 60 x 84 $^1/_{16}$. Газеталык қағаз. Әдебий гарнитура, Кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 1,75 б.т. Буйыртпа 341. Тиражы 500. Баҳасы шәртнама бойынша.

---

**«Қарақалпақстан» баспасы, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9-жай.**

---

ҚР Баспасөз бойынша мәмлекетлик комитетинин Хожелидеги № 3 баспаханасы. Хожели қаласы, Ломоносов көшеси, 72.

500с